Ассаламу гӀалайкум!

# ЦӀумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2023 соналъул 24 март Рузман №12 (7774) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦӀУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Нижер бахӀарзал**

## Бергьенлъигун тӀадруссаги

Гьал къояз районалъул бетӀер Шамил ГӀумаровас ва районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухӀамад НурмухӀамадовас къабул гьаруна къокъабго болжалалъ рокъоре рачӀарал Украиналда тӀобитӀулеб хасаб рагъулаб операциялъул гӀахьалчагӀи ТӀадгъаквариса Мурадис ГъазимухӀамадов, Исал МухӀамадов ва рагъда лъукъун вукӀиналъ больницаяллда вегун вукӀарав ГӀали ГъазимухӀамадов.



Араб соналъул сентябралда гьев лъабавго цадахъ ана улкаялда мобилизация лъазабурабго ВатӀаналде ккараб къо борхизе.

РакӀ рагьараб гара-чӀвариялда Шамил ГӀумаровас ва МухӀамад НурмухӀамадовас кӀудияб баркала загьир гьабуна ракӀбацӀцӀадго рагъулаб налъи тӀубалел хасаб рагъулаб операциялъул гӀахьалчагӀазе.

Рагъулаб хьулухъ тӀубалез бицана рагъул майданалда бугеб ахӀвал-хӀалалъул, рагъухъабазе хӀажатабщиналъул. Гьез баркала кьуна районалъул бетӀер Шамил ГӀумаровасе рагъул гӀахьалчагӀаздехун ва гьезул хьизамаздехун районалъул нухмальияль ва районцояз гьабулеб бербалагьиялъухъ ва гӀарцулаб кумекалъухъ.

Жидерго рахьалъан рагъухъабаз божилъи гьабуна ракӀбацӀцӀадго рагъулаб хьулухъ тӀубазе.



Нахъисеб къоялъ кӀиявго вацӀгӀал Мурадис ва Исал (сураталда квегӀиса кваранде) регӀана рагъулаб хьулухъалде. ГӀали унтудаса сахлъи рукӀалиде ккезегӀан дагьалъ рокъов чӀана.

Рагъухъаби нухде регӀулаго эбел-инсулгун букӀараб гара-чӀвариялдаса бичӀчӀулеб букӀана, кигӀан рекӀелъ захӀмат бугони ги, гьел чӀухӀарал рукӀин жакъасеб къоялъ ВатӀаналде ккараб къо борхизе унел жидерго васаздаса.

Нух битӀаги нужее, бахӀарзал! Бергьенлъигун тӀадруссаги!

**Барки**

## ХӀурматиял районцоял!

РакӀ-ракӀалъ баркула нужеда тӀаде щвараб хирияб Рамазан моцӀ.

Рамазан моцӀалъ бусурбаби жеги гӀагар гьарула, инсанасул рахӀму-гурхӀел цӀикӀкӀуна ва лъикӀлъи гьарзаго бикьула.

Рамазан ккола гьабураб гӀамал нахъчӀвалареб, кири цӀикӀкӀарал хириял моцӀазул цояб.

Аллагьас щивасе тавпикъ кьеги лъикӀаб гӀамал гьабун гьеб моцӀ гӀадада биччангутӀизе.

Аллагьас цӀунаги нилъ балъгоял балагьаздаса, ракъи-къечалдаса ва рагъул кьогӀлъиялдаса.

**Шамил ГӀумаров,** районалъул бетӀер

**Дандельъи**

# Машгьурал росуцоялгун дандчӀвай



Араб хамиз къоялъ МухӀамад Шамхаловасул цӀаралда бугеб Лъондода росдал школалда тӀобитӀана рохалилаб тадбир. Гьелъие гӀиллалъун ккана школалъул администрациялъул х1аракаталдалъун кӀиго машгьурав росуцоявгун Дагъистаналъул художниказул Союзалъул председатель КъурбангӀали МухӀамадовгун ва эркенаб гугариялъул рахьалъ микьцӀул чемпион МухӀамад Бадрудиновгун дандчӀвай гьаби.

Гьенир гӀахьаллъана райадминистрациялъул бетӀерасул заместитель Халилула МухӀамадов, райадминистрациялъул архивалъул нухмалъулей ХӀалимат АхӀмадова, «ХӀакъикъат» газеталъул мухбир Кавсарат Сулейманова, МухӀамад Шамхаловасул яцалъул яс Зугьейрат ва гьалбал.

Технологиялъул учительница Рукъият ШейхгӀалиевалъ ва физкультураялъул учитель Шамил ЖахӀбаровас машгьурал ракьцоял гӀахьал гьарун тӀоритӀана рагьарал цӀакь интересал дарсал. ЦӀалдохьаби кӀвар кьун гӀенеккана машгьурал росуцояз бицунебщиналъухъ, кьуна гьезие суалал, гьаруна гьари-рахьиял.

Гьелдаса хадуб школалъул музеялда школалъул киналго цӀалдохьаби ва гьалбал гӀахьал гьабун тӀобитӀана дандельъи.

Гьениб гӀун бачӀунеб гӀелалъе тарбия-лъай кьеялъулъ художествияб искусствоялъул ва спорталъул бугеб кӀвараль бицарал кӀалъаял гьаруна КъурбангӀали МухӀамадовас ва МухӀамад Бадрудиновас.

Машгьурав хвадарухъан ва журналист МухӀамад Шамхаловас жакъасеб гӀелалъе миллияб мацӀ цӀунизе бахъараб жигаралъул бицун кӀалъай гьабуна Кавсарат Сулеймановалъ, захӀматалъул ветеран гӀемерал соназ Лъондода школалъул авар мацӀалъулгун адабияталъул мугӀалимлъун хӀалтӀарай Зайнаб ГӀазизовалъ.

Райадминистрациялъул бетӀерасул заместитель Халилула МухӀамадовас баркала загьир гьабуна жакъасеб къоялъ цӀалдохьабазе кӀвар бугеб дандчӀваялде рачӀарал хӀурматиял гьалбадерие, гьарана гьезие щулияб сахлъи ва хӀалтӀулъ лъикӀал хӀасилал, гьаруна лъималазе насихӀатал.

Гьарзаяб тепсиялда нахъа жидер хӀурмат-адаб гьабун гӀагараб росулъе ахӀиялъухъ ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабуна КъурбангӀали МухӀамадовас ва МухӀамад Бадрудиновас.

ТӀаде рачӀарал гьалбадерие баркала загьир гьабуна школалъул директор ПатӀимат ГӀабдулмажидовалъ ва школалъул учительзабаз.

**Зульфия Сажидова**

Расул ХIамзатовас-100 сон

## ГIодой къулун, къочула руччабазул кверазда

АнцIила анкьабилеб марталда МахIачхъалаялда Дагъистаналъул руччабазул союзалъ Гъудуллъиялъул рокьоб тIобитIана Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялда хурхун «ГIодой къулун, къочула руччабазул кверазда» ахIиялда гьоркь Дагъистаналъул руччабазул форум.




Гьенир гIахьалъана руччабазул советалъул вакилзаби, Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъул солдатазул лъудби ва улбул, студентал ва жамгIиял хIаракатчагIи. Дандеръи рагъулаго миллияб политикаялъул ва диниял ишазул Энрик Муслимовас республикаялъул бетIер Сергей Меликовасул рахъалдасан саламги къун баркала загьир гьабуна форум гIуцIарай Дагъистаналъул руччабазул союзалъул председатель Интизар Мамутаевалъе, бицана республикаялда жеги гIемерал тадбирал тIоритIизе хIисабалде босун ругин Расул ХIамзатовас 100 сон тIубаялдеян.

Гьединго форумалда Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъуль васал гIахьаллъулел улбузе кьуна «Слава матери защитника Отечества» медалал.

Форумалда гIахьаллъана нилъер районалъул руччабазул Советалъул вакилзабиги.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

## ХIурматияв МухIамад МукIуевич!



Районцоязул ва дирго рахьалъан ракI-ракIалъ баркула дуда гIумрудул 70 сон тIубай!

ЦIумадисезда мун лъала хIалбихьи бугев, жавабияв, мурадалде щвезе жигар бахъулев, гьабулеб ишалде рекIел цIайи бугев ва район хирияв нухмалъулев хIисабалда.

КIудияб баркала дуе гIагараб район цебетIеялъе дуца гьабураб хIалтIухъ.

Гьарула дуе щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва жигарчилъи.

**Ш. ГIумаров,** районалъул бетIер

Гара-чIвари

## Рагъулаб хъулухъ тIубай-хIурматияб борч

Гьаб соналъул январалдаса байбихьун тIолго улкаялда унеб буго байбихьул рагъулаб учеталде гIолилал лъеялъул кампания. Гьединго 1 апрелалда байбихьизе буго тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазе армиялде гIолилал ахIиялъул ихдалил «Призыв-2023» кампанияги. Рагъулаб комиссариаталъ гьелда сверухъ гьабулеб хIалтIул ва дандчIвалел захIмалъабазул хIакъалъуль бицана нижер мухбир Заур Бадрудиновасулгун букIараб гара-чIвариялда районалъул рагъулав комиссар ХIабиб ХIабибовас.

**-ХIабиб ГIалимухIамадович, ихдалил призывалде кинаб хIадурлъи бугеб рагъулаб комиссариаталъул?**

-Рагъулаб хъулухъалде призывникал ахIиялъул хIалтIуде хIадурлъулел руго ниж. Гьеб хIалтIи нижеца гIуцIизе ккола росабалъ ругел ВУСазул хIалтIухъабигун цадахъ. Араб соналъул хаслихълъиялъул призыв байбихьараб гьезул гIемерисел жидеего бокьун хIалтIудаса нахъе ана. Гьединлъидал араб соналъ нижеда кIвечIо гьеб хIалтIи гIуцIцIадго тIобитIизе. Гьединабго ахIвал-хIал буго росдал администрациябазда жакъа кьоялъги. Нижехъе щвечIел призывникал цIехезе ункъоялде гIагарун материал битIана жанисел ишазул отделалде.

**-Кин гIуцIун бугеб районалда байбихьул рагъулаб учеталда гIолилал лъеялъул хIалтIи?**

-ТIоцебесеб январалдаса нахъе унеб буго 2006 соналъ гьарурал гIолилал байбихьул рагъулаб учеталда лъеялъул хIалтIи. Гьеб халат бахъине буго 31 марталда щвезегIан. Гьеб болжалалда жаниб учеталде росичIого хутIаразулгун хIалтIи лъагIалил ахиралде щвезегIан гьабизе буго. Нижеца школаздаса, росдал администрациябаздаса тIалаб гьарула учеталде росизе кколел гIолилазул сияхIал. Гьеб тадбир тIобитIулаго лъазабула гIолилазул сахлъиялъул хIал, хасаб медицинаялъулаб комиссиялъ хал гьабула призывникасул, чIезабула рагъулаб хъулухъалъе ярагъунев вугищали. Гьединго байбихьул учеталде лъеялъул кампания тIобитIулаго баянлъула призывниказул къадар, хьизаналъулаб ахIвал-хIал, кьваригIунеб лъаялъул даража, рагъулал специальностазул курсазде ине хIадурал ругел гIолилал. Гьединал гIолилал ритIула шоферзаби хIадурулел ДОСААФалъул курсазде, цIалулаго гьесул ккарал харжалги нижеца рецIцIула. Организациябазулгун учреждениябазул нухмалъулез хIалтIуде восулев гIолиласул баянал тIалаб гьаризе ккола рагъулаб комиссариатлдасa.

**-Байбихьул учеталде гIолилал лъеялъул хIалтIул хIасил кин нужеца гьабулеб?**

-ИчIго класс лъугIаралго гIемерисел цIалдохъаби цогояб пачалихъияб экзаменалдасаги хIинкъун унел руго колледжазде ва мадрасабазде цIализе, гьелъ рагъулаб комиссариаталде гьел ахIизе захIмат букIуна. Рагъулаб комиссариаталда гIолилазул байбихьул учеталъул хIалтIи гьабизе ккола школалъул директоралъ, росдал администрациялъ, рагъулаб учеталъул (ВУСалъул) хIалтIухъабаналъ. ГIемерисел росдал администрациябазда гьеб хIалтIи гIодобегIанаб даражаялда буго. Гьеб рахъалъ лъикI гIуцIун буго хIалтIи ТIинди росдал администрациялда.

**-ТIадегIанаб лъай бугев призывникасе рукIунищ рагъулаб хъулухъ тIубалаго цогидазде дандеккун бигьалъаби?**

-Гьединав призывникасул ихтияр буго контракт хъван рагъулаб хъулухъ тIубазе. Гьедин, армиялда хъулухъ гьабизе ахIаравго гьесул рес буго кIиго соналъ рагъулаб хъулухъалда вукIине кьотIи гьабизе. Контракт хъваразе чIезарун руго лъикIал шартIал: моцIрое харж, жанив чIезе рукъ, чIобогояб медицинаялдалъун ва къайиялдалъун хьезари.

**-Щиб дуца абилеб призывниказда?**

-Нилъеда лъала армия букIин гIолохъанчи лъадарулеб школа, армиялда хъулухъ гьабичIев чиясул букIунаро вакIа-вахари. Гьединлъидал бокьун буго гIолилазе гьаризе рекIелъ кIудиб чIухIигун рагъулаб хъулухъ тIубазе сахлъи, хIинкъи гьечIолъи, къохIехьей ва лъадари.

Конкурс

## Пагьму бугел цIалдохъабазул конкурс

Араб анкьалъ тIадеги лъай кьеялъул централъ анкьабилеб нухалъ тIобитIана байбихьул классазул пагьму-гьунар бугел лъимал гIелмиябгун цIехрехалъулал хIалтIаби хьвазе ва цIунизе хIадурулеб «Первоцвет» абураб республикаялъулаб конкурсалъул муниципалияб этап.



Гьенив гIахьаллъана районалъул анцIила лъабго школалдаса анцIила анлъго цIалдохъан. Гьездаса лъабго батIияб номинациялда лауреаталлъун рахъана жидерго хIалтIи махщалида цIунизе гьунар бихьизабурал.

Гуманитарияб секциялда «Дир гьитIинаб ВатIаналъул тарихъ» абураб хIалтIухъ тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Сасикь школалъул лъабабилеб классалъул цIалдохъан Аминат Хъиличева. Гьелъие нухмалъи гьабуна учительница Заира ХIажимухIамдовалъ.

«Математика-гIелмабазул хан» абураб хIалтIи цIунун математикаялъул секциялда бергьенлъи щвана Агъвали гимназиялъул ункъабилеб классалъул цIалдохъан Жамилат ХIажимурадовалъе (мугIалим Анисат Зураева).

«Прикладное искусство» секциялда жюриялъ бищун лъикIаблъун рикIкIана ТIиссиахикь школалъул мугIалим ПатIимат Жалаловалъ нухмалъулей ункъабилеб классалъул цIалдохъан ГIабдуразакъова Фатимал «Дун конструктор» абураб хIалтIи.

КватIичIого гьел лъабалго гIахьаллъизе руго республикаялъулаб этапалдаги.

Гьарула гьезие гьенибги икъбал.

**Зульфия Сажидова**

## РакI-ракIалъулаб баркала

12 марталда радал сагIат анлъго тIубараб заманалда КIочIали Мусаев Шамилил вас МухIамадил минаялъул тIох батана гьороца биххизабун, зарал ккана гьединго мадугьалихъ ругел тIохазеги. Гьеб хабар рагIарабго тIаде бахъана росдал жамагIат ва Агъвалиса гIолохъаби.

Гьединго хехлъи гьабун кумекалъе щвана МухIамадил цадахъ хIалтIулел СОГалъул лъебергогIанасев хIалтIухъан бетIералда Сайпудин Канзулаевгун. Гьез кIудияб кумек гьабуна гьениб, бихха-бичун, киналъулго гIадлуги гьабун гурони гьел гьениса нахъе инчIо.

Бокьун буго МухIамадил гIагарлъиялъул рахъалъан кумекалъе рачIарал КIочIалиса ва Агъвалиса гIолохъабазе, СОГалъул гIолохъабазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Гьединго баркала буго материалияб рахъалъан кумек гьабуразеги.

Аллагьас садакъа кьабул гьабуна батаги, балъгояб балагьалдаса цIунаги.

**ГIабдулкъадир МухIамадов**

**21 март - Поэзиялъул къо**

## Огь, замана, замана

Огь, замана, замана,
БачIун буго замана.
Тохтурзаби гIемераб,
ГIузрабиги цIикIкIараб.

МоцIроде чи воржараб,
Мадугъал кIочон тараб,
Бечелъи гьарзалъараб,
РакIалъул рахIат хвараб.

ГIакълу бугел цIикIкIараб,
ХIал бихьарал дагьлъараб,
ЦIаларал гIемерлъараб,
Гьабулеб жо дагьлъараб.

ТIаде - гъоркье унареб,
РакI жубазе кIолареб.
Бечелъи цIикIкIанагIан,
Чи хъарсинлъун лъугьунеб.

РакI ганчIиде сверараб,
Гьудул - гьалмагъ лъалареб.
ГIумруялда кинабго,
ГIарцудалъун борцунеб.

ГIаданлъигун яхI - намус,
Меседалъухъ бичулеб.
Рукъзал гIатIидал рараб,
ГIаданлъи учузлъараб.

Учузал гIадамаца,
ТIалъи кодоб босараб.
Алжан - жужахI бикьулел,
«ГIалимзаби» цIикIкIараб

Аллагь, дуда гьарула,
Гьаб квешаб заманалда,
Мун вокьи цIикIкIинабун,
ЦIуне квешлъиялдасан.

**МухIамад Коратов,**
ТIинди росу

## Нилъ Россиялъул халкъ

Нилъ Россиялъул халкъ ракълил гIадамал,
Миллатал гIемерал вацлъи цIунарал.
ЦIадулъан, кIуйдулъан ана дур васал,
Гьеб дунялалда рекъел цIунизе.

Тушманасде данде кьолденлъун чIана,
Къварилъи, захIмалъи гIемер къулчIана.
Вацал яцал гIадин рекъон хIалтIана,
ЧIунтараб Россия бахъинабуна.

Гьанжеги шайха нилъ рагъизе колел,
Украиналъе кьал ахIизе кколеб,
Щайгурелъул гьезул гIакълу хисидал,
Фашистазул бутIрул тIалъула ккейдал.

КIикьоялда щуйилъ щущазабураб
Щиб къваригIун жеги бутIрул рорхулел
Доб Америкалъул буйрухъалда гьоркь
Кьалде щай лъугьунеб вацлъиялъул халкъ.

Даимаб рецц нужой дир рагъухъаби,
Рекъел цIунун кьалде арал бахIарзал,
Эбел ватIаналъул лебалал цIумал,
ЦIунайги Аллагьас кире кканиги.

**СалихIат ХIасанова,**
ТIинди росу

## МугIрул чIужугIадан

МугIрул чIужугIадан,
Гьал гIасрабаца,
ГIемераз сокIана
Дуде саринал,

Дийги бокьун буго
Дирго пикраби,
Къалмие чучизе
Дур рахьалъ хъвазе.

Лъала, дуе рецц-бакъ
Рекъараб букIин,
МустахIикъай йикIин
КIодо гьайизе,

Лъала, гIумруялъул
ЛъикIабгин, квешаб,
Дуца гьажабазда
Бачун бугеблъи.

Дур гьурмада бугеб
Щибаб сукIелалъ,
Бахчун буго рекIелъ
Чанги къварилъи,

Дуца гьеб бахчана,
Лъазе бичачIо,
Дурго лъималазда
Дурго росасда.

Гьуинаб каламалъ
Бадийги гьимун,
Ялагьула даим
Мун эбелалда,

РекIеда бахчараб,
Дуе захIматаб,
Лъазе течIо дуца,
Гьей пашманлъилин.

ГIагарав инсуца
Чанги цIехола,
Щибха бугеб, дир яс,
Къварилъийилан

Дуца сабуралда,
ГIодое юссун,
Жаваб кьола, дада,
Дун лъикI йигилан.

Школалда цIалулей
ЦIалдохъан, дица,
ЦIалана Расулил
Саринал гIемер,

Мун кIодо гьаюрал,
Дуе рецц кьурал,
Дуде бугеб рокьи
Загьир гьабурал.

Дицаги абула,
АхIун гьаракьгун,
ЧIахьаги магIарул
Руччабийилан,

ГIодой наккуги чIван
Кьулула дуе,
МугIрул чIужугIадан,
Дир магIарулай.

**ПатIимат ХIамзатова,**

## Силдадерил лачен

Силдадерил лачен, дадал хазина,
Дагъистан чIухIарав МухIамадрасул.
БахIарчилъиялъул ирс кодобе щварав
Щвараб цIунизелъун черх лъадарарав.

Мун нижер чIухIиги, нижер рохелги,
РухIияб рахъалда нижер байрахъги.
Нус-нус васалазе мисаллъун вугев
Ккараб къо бачунев чармил ярагъги.

Чемпионасул цIар цIвалъун кенчIарав
Керен медалаца къалъаравги мун.
Къадруял васазул мухъилъ вукIине
Бергьун квер кидаго борхаравги мун.

Сахлъиги талихIги рохел-икъбалги
Къуват тIадегIанаб лебалалаб черхги
Чияр бералдаса даим цIунизе
ЦIайги кваркьиялъукь малаикасул.

Дур имангун ияхI берцинаб гIамал
ГIолеб гIелалъухъе ирсалъе кьезе,
Къуру гIадав эмен нахъеги цIунун,
Аллагьас ккеги нуж кир ругониги.

**ТIалхIатов МухIамад,**
Силди росу

**Динияб бокIон**

## Рамазаналъул хиралъи

Гьале тIаде щвана рамазан моцI. Аллагьасе буго кинабго рецц, исанаги гьеб хирияб моцI нилъеда бихьизе рес кьуралъухъ. Рамазан моцIалъул хиралъабазул рицарал хIадисал аварагасул цIакъго гIемер руго. Гьезул цо-цоял рехселин.

«Рамазан моцI тIаде щведал алжаналъул каваби рагьула, жужахIалъул каваби къала ва шайтIабазда рахсал рала», «ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Адамил лъимералъул бокьараб гIамал гьес жиндиего гIоло гьабулеблъун буго цохIо кIал ккевей хутIун. КIал ккевей Дие гIоло гьабула ва гьелъул кириги Дица кьола» **(Бухари).**

Гьаб хIадис баян гьабун гIалимзабаз бицана кIал ккурав чиясда хадуб сахаб къоялъ халгьабун гIадамал рукIунарелъул, кIал ккевей кколин бищун дагь рияъ жинда хурхунеб гIибадатилан. Гьелъул хIисабалда цого-цо кIал кквеялъ баян гьабула инсанасул Аллагьасе бугеб мутIигIлъи.

«Дир напс кверщаликь бугев АллагьасхIаги, кIал ккурав чиясул кIалдиса бачIунеб махI Аллагьасда аскIоб мискалъул махIалдасаги берцинаб буго. ТIадегIанав Аллагьас абула: «Дие гIололъун лагъзаз квен, лъим ва жидеего бокьараб тана», - абун. **(Абу Давуд, Ибн Мажагь).**

«Рамазан моцIалъ тIубараб паризаяб гIибадаталъул кири 70 нухалъ цIикIкIинабун хъвала, суннатал тIураялъул кири - парз тIубарабгIан хъвала». **(Бухари, Муслим)**

«Аллагьасдасан кири щвеялда хьулгун рамазан моцIалъ сардал гIибадаталда тIамулев чиясул цере арал мунагьал Аллагьас чурула». **(Бухари)**

«КIалкквей хъалхъан ккола. КIал ккурав чи къваригIел гьечIеб жоялдаса рикIкIалъе ва жагьилчагIазда релълъун вукIунге. Цонигияв лъугьани гьевгун къацандизе ва къваригIел гьечIел хабар рицине, гьесда абе дица кIал ккун бугин абун». **(Бухари)**

«Аллагьасе гIоло цо къоялъ кIал ккурав чиясул гьумер ТIадегIанав Аллагьас 70 соналъул нухлул манзилалъ жужахIалдаса рикIкIад гьабула». **(Бухари, Муслим)**

«Лайлатул Къадриялъул сордоялъ ЖабрагIил малаик, цогидал малаикзабазул къокъагун, ракьалде рещтIуна. Гьеб сордоялъ Аллагьасе гIибадаталда сордо тIамуразе дугIа гьабун Аллагьасда гьарула гьез. Цинги гIидалъул къоялъ Аллагьас гьел малаикзабазда абула: «Я, дир малаикзаби, жиндир хIалтIи лъикI гьабурав чи кинаб шапакъаталъе мустахIикъавлъун вугев?» - илан. Гьез абула: «Я, нижер Аллагь, гьев чиясе тIубараб шапакъат кьезе ккола», - ян.

* * *

## Кин хIадурлъилел?

Гьале исанаги тIаде щвана хирияб Рамазан моцI. Гьеб буго кутакалда нилъ рохизе ккараб Аллагьасул нигIмат. Гьелъулъ БетIергьанас нилъее гIамал гьабизе батIи-батIиял нигIматал кьунги руго, гьезул цоялдаса буго шайтIан-иблис Гьес рахсазда рай, гьединго алжаналъул каваби рагьи, жужахIалъул рахай, Гьеб буго умматалъул моцI, жиндилъ гьабураб гIамалги БетIергьанас чанго нухалъ цIикIкIун хъвалеб.

Кин бугониги, нилъ руго загIипал чагIи, гьабулеб гIамал тола нахъбахъун яги тIаса- масаго гьабула. Гьелъул хIасилалда цо-цояб хадуб бехъерхъунги хутIула.

Рамазан моцI буго къад кIал кквей, бажарарас бажарараб садакъа-хайрат гьаби, Къуръан цIали, цере гьарулел рукIарал лъикIал гурел гIамалал тей гIадаб ишал гьарулеб гIибадаталъул моцI. Гьединлъидал рекъарабги буго дагь-дагькkун гьел гIамалал гьарун цебеккунго хIадурлъи гьабизе.

ТIоцебесеб иргаялда, церехун гьарун арал мунагьаздаса ракI бухIун, чияр хIукъукъал ратани бетIергьабазухъа хIалаллъи босун, бецIизе кколеб бецIун, ракI-ракIалъулаб тавбу гьабила. Тавбу гьабун рецIизе хIукъукъал хутIичIеб мехалъ черхалъе тIадагьлъиги бачIуна. Гьеб буго щибаб хIалалда инсанас цIунизе кколеб гIамалги.

Цересел соназ кквечIого хутIарал паризаял кIалал ругишали халгьабун, гьел рецIила. Муд бахъизе батани, гьебги тIубазабила.

Рамазан моцIалъул тIадал суннатал ва адабал ракIалде щвезарун, гIелмуги цIи гьабила. Щайин абуни, сунца кIал бихизабулеб, мукъсан гьабулеб, яги кири цIикIинабулебин абун лъазабуни, кIал ккезе ва гьеб цIунизе бигьалъула.

Къад заманалда кIал ккевялдаса машгъул гьарулел хIалтIаби ратани, гьел цереккунго лъугIизарила яги кколеб кIалалъе захIмалъи букIунареб хIалалде бачина.

Паризаял каказда цере-хадур ралел суннатал каказде кIвар кьела.

Къуръан цIали гьоркьоб хутIун батани, гьебги байбихьила.

КватIун кьижулеб гIамал батани, радакь вахъине бигьалъизелъун, хехго кьижиялде ругьун гьабила черх. Социалиял гьиназдегун телефонazде машгъуллъулеб гIамал батани, гьелда тIад хвезабулеб заманалъулги тадбир гьабила.

РецIизе кIалал ратичIони, гьоркьо-гьоркьор суннатал кIалал ккун, ракъиялдеги ругьун гьабила черх.

Цере арал чIахIиял чагIазул букIараб гIадат буго БетIергьанасда жал рамазаналде щвезегIан чIаго теян гьарулеб. Гьединлъидал, дугIаялъулъ гьеб моцI тIаде щвезегIан сах-саламатго хутIагиянги гьарила.

Гьабулеб киналъулъго Аллагьасе гIоло абун ният гьабе, Гьес бигьалъи гьабула.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

## Администрация сельского поселения «село Саситли»

### Распоряжение

**20 март 2023г. №4**

**О проведении торгов в форме аукциона по предоставлению в аренду земельного участка с кадастровым номером 05:38:000061:233, находящегося в муниципальной собственности СП «село Саситли»»**

В соответствии со статьями 39.2, 39.3, 39.11, 39.12 Земельного Кодекса Российской Федерации, Устава сельского поселения «село Саситли»:

1.Организовать и провести торги в форме аукциона на право заключения договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05:38:000061:233, площадью 31402 кв.м., категория земель: «земли сельскохозяйственного назначения», вид разрешенного использования: «сельскохозяйственное использование» расположенного по адресу: РД, Цумадинский район, с. Саситли, установив начальный размер годовой арендной платы в размере 0,3% от кадастровой стоимости земельного участка в сумме 254 (двести пятьдесят четыре) рубля 36 копеек. Срок аренды 49 лет.

2.Торги провести в форме аукциона открытого по составу участников и открытого по форме подачи предложений.

3.Дата и место проведения торгов: 10ч. 00м. 24.04.2023г. в здании администрации сельского поселения «село Саситли» по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Саситли, ул. Шейха Хусейна, д.8.

4.Опубликовать извещение о проведении аукциона не менее чем за тридцать дней до дня проведения аукциона в газете «Голос Цумады» и на официальном сайте администрации СП «село Саситли».

**Глава администрации сельского поселения «село Саситли» З. Набигулаев**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский» за 2022 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2022 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 45,8 | 45,8 | 89,9 | 196,3 |
| 2 | Земельный налог | 53,0 | 53,0 | -168,2 | -317,4 |
| 3 | Налог на имущества | 20,0 | 20,0 | 2,1 | 10,5 |
| 4 | Прочие налоги (неналоговые) | 137,0 | 137,0 | 146,3 | 106,8 |
| 5 | Сельхоз налог | 6,7 | 6,7 | 3,5 | 52,2 |
| | **Итого собственные доходы** | 262,5 | 262,5 | 73,6 | 28,0 |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 5048,0 | 6448,0 | 6448,0 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,0 | 0,0 | 0,0 | |
| 3 | Субвен. ВУС | 285,0 | 302,1 | 302,1 | 100,0 |
| | **Итого** | 5333,0 | 6750,1 | 6750,1 | 100,0 |
| | Всего доходов | 5595,5 | 7012,6 | 6823,7 | 97,3 |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | Аппарат | **2052,2** | **2333,0** | **2322,0** | 99,5 |
| | в т.ч. зарплата | 1300,0 | 1300,0 | 1300,0 | 100,0 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | **50,0** | | | |
| 4 | ЗАГС | | | | |
| 5 | ВУС | 285,0 | 302.1 | 302,1 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 191,7 | 204,8 | 204,8 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | **1907,7** | **2487,7** | **2235,0** | 89,8 |
| 7 | Молодёжная политика | 30,0 | | | 0,0 |
| 8 | КДЦ, ОКС и РМ | **1270,6** | **1233,8** | **1233,8** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 867,3 | 839,1 | 839,1 | 100,0 |
| 8 | Дорожный фонд | | **1400,0** | **1175,9** | 84,0 |
| | **Всего расходов** | 5595,5 | 7756,6 | 7268,8 | 93,7 |
| | в т.ч. зарплата | 2359,0 | 798,9 | 2343,9 | 293,4 |

**Глава администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский» М. Магомедов**

**ММА**

## НурмухIамадовас рачел цIунана



Гьал къояз ММАялъул рахъалъ Россиялъул речIчIухъан Силдиса ГIусман НурмухIамадов Сан-Хосеялда (США) цеве вахъана Bellator лигаялъул турниралда, ва цIунана тIадагьаб цIайиялда чемпионасул цIар.

ГIенив UFCялъул вукIарав чемпион американав Бенсон Хандерсонгун. Финалалъул ункъил бутIаялъулаб дандчIвай НурмухIамадовас тIоцебесеб раундалдаго лъугIизабуна. Къеркьеялъул къоабилеб секундалда ГIусманица гьурмада бараб малалъ американав гIодове ккезавуна ва гьанкъулеб приемги гьабун, гьесда тIад бергьенлъи босана.

Гьеб къеркьеялда бергьун Bellator лигаялъул промоушеналъул рачел щвей гуребги, гьев ворчIана миллион долларалъе лигаялъ тIобитIулеб Гран-прияльул бащдаб финалалде.

Бащдаб финалияб дандчIвай букIине ккола 12 маялда.

**PS.** ГIусманил буго 24 сон, ММАялъул къецазда гьев цеве вахъана 17 нухалъ, анцIила анкьабго нухалъ бергьенлъиги босана.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

**Эркенаб гугари**

## СКФОялъул чемпионат



Гьал къояз Хасавюрталда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ СКФОялъул чемпионат. Гьенир нильер районалъул гугарухъабаз рихьизаруна лъикIал хIасилал.

СКФОялъул чемпионаллъун ва меседил медалазул хважаинзабилъун рахъана Эчедаса Ибрагьим ГIабдурахIманов (70 кг.) ва РичIагьанихъа Камил ГIабдулвагьабов (74 кг.).

ГIарцулал призераллъун рахъана Хуштадаса ГIабдула АхIмадов (70 кг.) ва Инхокъвариса Аманула ХIажимухIамадов (86 кг.).

Мазгарул медалалъе мустахIикълъана Кванхиса Жамал АхIмадудинов (79 кг.), Гъадириса Рамазан Абузагьидов (86 кг.), Кванхиса ГIабдулмуслим Темирбулатов (92 кг.) ва Гыигьалъа ХIажимурад Къадилов (97 кг.).

Гьел киналго, ва тIадеги Эчедаса Расул Гьазуев (61 кг.), Агъвалиса МухIамад Тажудинов (65 кг.) ва Хъварщиса МухIамад ГIабдукъадиров (79 кг.) гIахьаллъизе руго Каспийскиялда тIобитIизесеб Россиялъул чемпионаталда.



**Шамил Бадрудинов**

## СКФОялъул первенство



Дагъаб цебе Грозный шагьаралда тIобитIана 18 сониде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ СКФОялъул первенство.

Гьениб 65 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна нильер районалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалда куцалев МухIамад ГIалибахIарчиевас.

Гьединго 71 кг. цIайиялда лъабабилеб бакI ккуна Агъвали гимназиялъул выпускник, МахIачхъала шагьаралъул лъабабилеб спортшколалда ругьунлъулев МухIамад ХIабибовас.

Гьев кIиявго гIахьаллъизе вуго апрелалъул байбихьуда Наро-Фоминск шагьаралда тIобитIизесеб эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул первенствоялда.

**Шамил Сажидов**

Утерянный аттестат о полном среднем образовании 05 АА №0054760, выданный 25.06.2008г. районной вечерней (сменной) общей образовательной школой на имя Магомедова Магомеда Яхьяевича, считать недействительным.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Жавабияв секретарь Сажидова Зульфия АхIмадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьеньгьара росу Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1484
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гьорль бугел ва цогидал баянназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@mail.ru